

3 septanm

Pa chaje tèt nou pou demen, paske demen va gen sousi pa li. Mezi jounen an, mezi tèt chaje li.

Matye 6. 34

Nou pa bezwen kite anyen ban nou kè sote. Se mwen menm ki Bondye nou. M ap ban nou fòs, m ap ede nou. Ezayi 41. 10

Ma louvri lespri ou sou anpil bagay, m a montre ou chemen pou ou swiv la. Sòm 32. 8

Mwen pap janm rive

Klemans gen sizan, l ap aprann li. Viktò gen douzan, li nan kolèj. Aswè a, tifi a ap gade devwa frè li ap fè yo. Li remake li pa konprann anyen. Lè sa a l al jwenn manman l, epi li di l ak yon ti vwa chaje sousi : “Manman, lè m nan kolèj, m pap janm ka fè sa Viktò ap fè a, sa twò difisil !”

Manman ki wè pitit fi li a toumante, li di l pou li asire l : “Klemans, ou gen sèlman sizan, Viktò gen douzan li menm. Se yon bagay nòmal pou ke sa l ap fè kounye a parèt difisil pou ou. Men pa gen moun ki mande w pou fè devwa frè ou la jodi a ! Matmwazèl ou mande w fè bagay ki ale ak laj ou, li konnen sa w ka fè. Konsantre ou pou aprann sèlman, jou apre jou, sa li mande w. E va gen yon lè, w ap wè, w ap ka fè san pwoblèm sa Viktò ap fè yo.”

Nan lavi kretyen an, gen laj esprityèl diferan tou. Fanmi lafw a gen ladan l timoun piti, jènjan ak papa (1 Jan 2. 12-14). Konsa, gen kèk kretyen ki pi avanse pase kèk lòt. Men piga nou konpare youn ak lòt, pandan n ap mande ak kè sote èske n ap ka fè tankou entèl. Ann fè Bondye konfyans. Li mande nou fè sa li konnen ke nou ka fè, li konnen sa pi byen pase nou.

Jodi a, ann konsantre nou pou nou konprann leson ki pou jodi a. Y ap prepare nou pou sa ke Bondye va voye ban nou demen. Konsa, pwogrè esprityèl nou va pou glwa li.

3 septembre

Ne soyez donc pas en souci pour le lendemain, car le lendemain sera en souci de lui-même : à chaque jour suffit sa peine. Matthieu 6. 34

Ne sois pas inquiet, car moi je suis ton Dieu. Je te fortifierai ; oui, je t'aiderai. Ésaïe 41. 10

Je t'instruirai, et je t'enseignerai. Psaume 32. 8

Je n'y arriverai jamais

Clémence a six ans, elle apprend à lire. Victor en a douze, il est au collège. Ce soir, la fillette regarde les devoirs que fait son frère. Elle s'aperçoit qu'elle ne comprend rien. Elle va alors trouver sa maman, et lui dit d'une petite voix inquiète : "Maman, quand je serai au collège, je n'arriverai jamais à faire ce que fait Victor, c'est trop difficile !".

Voyant la fillette tourmentée, sa maman la rassure :

"Clémence, tu n'as que six ans, Victor en a douze. C'est normal qu'à ton âge, ce qu'il fait te paraisse trop compliqué. Mais personne ne te demande aujourd'hui de faire les devoirs de ton frère ! Ta maîtresse te demande des choses adaptées à ton âge, elle sait ce que tu es capable de faire. Applique-toi à apprendre simplement, jour après jour, ce qu'elle te demande. Et le moment venu, tu verras, tu seras tout à fait capable de faire ce que fait Victor."

Dans la vie chrétienne, il y a aussi des âges spirituels différents. La famille de la foi comprend des petits enfants, des jeunes gens et des pères (1 Jean 2. 12-14). Ainsi, certains croyants sont plus avancés que d'autres. Mais ne nous comparons pas les uns aux autres, en nous demandant avec inquiétude si nous serons capables de faire comme tel ou tel. Faisons confiance à Dieu. Il adapte précisément ce qu'il nous demande à notre capacité, qu'il connaît mieux que nous.

Aujourd'hui, appliquons-nous à assimiler les leçons d'aujourd'hui. Elles nous préparent pour celles que Dieu voudra nous enseigner demain. Ainsi, nos progrès spirituels seront à sa gloire.